

Pfupiso Yetsvakurudzo

Shanduko dzounziwa nedenda redzihwamupengo ra2019 kune vapoteri nekuchengetedzwa kwavo muKenya, Uganda, Ghana, Nigeria, South Africa nemuZimbabwe

Dambudziko ririko mazuva ano echidzihwamupengo (COVID-19) rinotambudza munhu wese wese pasirose, asi rinonyanya kushusha avo vari panzvimo dzagara dzisina kumira zvakanaka, dzinosanganisira vanhu vonotiza munyika dzavo vachindogara mune dzimwe nyika (vapoteri) nevamwe vakatamiswa nenzira dzisiri dzekuda kwavo kubva pamisha yavo. Mudzidzo, kana mutsvakurudzo ichangoitwa, tinotarisa kuvhiringwa kwakaitwa zvinhu nedambudziko rechirwere chedzihwamupengo kuvapoteri uyevo kuzvirongwa zvekuchengetedzwa kwavapoteri kubva munyika nhanhatu dzekuMavirira kweAfrica, dzekuMabvazuva kweAfrica, uyevo dzekuChamhembe kweAfrica dzinoti, Ghana, Kenya, South Africa, Uganda, uyewo ne Zimbabwe, kubvira pagore rekutanga redambudziko iri kusvikira, uye kusanganisira mumwedzi waKukadzi wa2021. Tichishandisa mivhunzo isina wayakananga chaiye, tinovavarira kuwana miono yavanhu vanobva, kana kuti vanorarama hupenyu hweupoteri, vadzidzi, makurukota ehurumende, uyevo vanoshanda nezvekubatsira uye kushanda nevapoteri. Vanhu vanosvika makumi mapfumbamamwe (90) vakapindura mivhunzo iyi.

Kubva mumhinduro dzavo, zviri pachena kuti magari re vapoteri nevamwe vakatamiswa munzvimo dzavakanga vakagara akanga otonetsa dambudziko rechirwere ichi risati rasvika. Chirwere chedzihwamupengo (COVID-19) chakatotatamura matambudziko awa, nerimwe divi zvichitosimudza mamwe matambudziko matsva. **Vakavhunzwa vakati kuoma kwekushingairira kuwana choviri, kushomeka kwamabasa, kutamburira kuwana zvikwanisiro nezvibetsero, kushaikwa kwezvikanisiro zvokuwana zvokurapwa uye kushayiwa zvokuzvidzvirira pamatambudziko ndiwo emamwe matambudziko makuru ari kubuda nokuda kwehosha yechidzihwamupengo (COVID-19).**

Kunyangwe hazvo zviri kuitika mudzinyika, uye mabatirwe ari kuitwa dambudziko iri achisiyana-siyana nenyika, vakavhunzwa vanotaura zvakananana maererano nekukonzeresa kwechirwere ichi. **Zvirongwa zvenyika zvakaita sekuvhara mikova kana kuti miganhu yenyika kana kuti zvekumanikidzira kuvharira vanhu mudzimba (lockdowns) zvakaunza kutambura kukuru kuvapoteri nekune vanotsvaka kupotera, zvichivasiya vakapfakama kana kuti kumbunyikidzwa, uye zvichiita kuti kuwana kwavo hutano nezvimwe zvikwanisiro, uyevo kuti vafambe-fambe vachitsvaka choviri kunyanye kutambudza. Nhengo**

dzevemoyochena dzinoshanda nezvekubatsira vanhu ava dzakakwanisa kukasira kushandura-shandura magashirire adzinoita zvichemo, uye kubatsira kutapudza matambadziko aive achida kugadziriswa nokukurumidza, asi pane zvimwe zvirongwa zvakanabuda nekuda kwedenda redzihwamupengo (COVID-19) zvakaita semuyenzaniso seuyu; kunyanya kuitwa kwamabasa vanhu vachishandira mudzimba pama kombiyuta kwakavavo chibingamupinyi pakuwana betsero kwevapoteri.

Zvakabuda muvhunzurudzo yedu zvinoratidza kuti, zvisinei nekuwanda kwezvibingamupinyi zvavanosangana nazvo, **vapoteri pachavo nemasangano anomirira nezvavo vanowanikwa vachiita zvizhinji maererano nekurwisa dambudziko iri.** Vanoshanda sevaturikiri vematambadziko anobuda muchirwere ichi, vagoshandazve sevadzidzisi vehutsanana nevezvirango zvekuchengeteka, uyevo vanoshanda sevapi vezvinhu zvakaita semamasiki kana kuti sipo, uyevo vanopa rutsigiro rwekutova-tova kana kunyaradza kutambudzika kwepfungwa.

Takatarira panharaunda huru, shanduro dzakapihwa dzinoratidza kuti **dambudziko rechidzihwamupengo (coronavirus) rakawedzera kusawirirana pakati pevapoteri, uyevo pakati pevapoteri nevagari vemunyika dzavanenge vakapotera dzacho,** kunyanya-nyanya maererano nekuwanikwa kwezvikanisiro zvezvakawanda zvinoshandiswa nevagari vemunyika idzodzo. Zvichidaro, vapoteri vanosangana nedambudziko rekuvengwa kana kusemwa kwavo sevapoteri munyika zhinji vachipomerwa mhosva yokuva ivo vanounza hutachiwana hwedzihwamupengo (coronavirus). Zvisinei, vakavhunzwa vanojekesavo **kuita kwevapoteri nekwenhengo dzemasangano orubatsiro munguva dzedambudziko rino kuti vatapudze kutsutsumwara kana kuti kugununa kwavapoteri uye kuti vabatsire pakuwanikwa kworugare rwavapoteri ava.**

Tsvakurudzo ino haingotaridzi kumonyana kana kukatana kwemabasa edambudziko rino, asi kuti inoratidzavo mabasa enyika needzinharaunda ekurwisa dambudziko iri. Zvakabuda mutsvakurudzo zvinoratidza kuti **zvinoitwa pamusoro pedambudziko rechidzihwamupengo (COVID-19) pamatanho ose zvinofanira kurangerira kuti kune vanhu vari panzvimo kana panguva yakaoma,** kusanganisira vapoteri neavo vanotsvaka kupotera, kuti paongororwe zvakanwana, zvivo zvavo uye kuona kuti vanoramba vakachengetedzeka.

Dzidzo iyi yakaitwa sechidimbu chetsvakurudzo “Kumanikidzira kutama, Vanhukadzi – noRugare? Tsika dzokuvaka rugare rwavanhukadzi mumisasa yevapoteri” (“Forced Migration, Women – and Peace? Peacebuilding practices of women in refugee camps”) ([DSF](#) and [Osnabrück University](#)) uye “Kudzingwa pamisha muAfrica: Vatariri nenyaya dzemabatirwe anoitwa zvekufamba kwavanhu vachitama kubva kwavanogara vachindogara kumwe”. (“Forced Displacement in Africa: The politics and stakeholders of migration governance”) ([DSF](#) and [Arnold Bergstraesser Institute](#)). Zvirongwa izvi zvinotsigirwa nokubhadharwa neve German Foundation for Peace Research (DSF). Nokuda kwedambudziko redzihwamupengo (corona virus), vaferefeti vezvirongwa izvi vakaona zvakanodzera kuti vabatane vaite tsvakurudzo vachienzanisa matunhu akasiyana-siyana kuti vaone mabasa edambudziko iri kuvapoteri uye pakuchengetedzwa kwavapoteri.

Nadine Segadlo, Ulrike Krause, Franzisca Zanker, Hannah Edler

12 | 2021